*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 144 (25630)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 11 август — майрæмы мæйы 11 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ПЕНСИОН ФОНДÆЙ
*Æмгъуыдæй раздæр кæмæн æмбæлы?*

3 ДЗУГАТЫ БАРИСЫ РАЙГУЫРДЫ 100 АЗЫ БОНМÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Физкультурники бон — сабаты*

**Хъæлæс кæныны æппæтуæрæсеон бонмæ**

## Кандидатты номхыгъдтæ — республикæйы Парламентмæ...

**Федералон партиты цæгатирыстойнаг хайæдтæ РЦИ-Аланийы Парламенты депутаттæм кандидаттæй балæвæрдтой 500 адæймаджы бæрц.**

Ахæм нымæцтæ журналисттæн фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Центрон æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ.**

Къамисы минæвары ныхасмæ гæсгæ, республикæйы Парламенты депутаттæм кандидаттыл адæм хъæлæс кæндзысты 2022 азы 10 æмæ 11 сентябры.

Моргуаты Жаннæйы ныхасмæ гæсгæ, уыцы дыууæ боны дæргъы Цæгат Ирыстоны цæудзысты æндæр æмвæзады æвзæрстытæ дæр. Зæгъæм, республикæйы цалдæр муниципалитеты æмæ хъæуты цæрджытæ хъæлæс кæндзысты Минæвæртты æмбырдты депутаттæ æмæ бынæттон администрациты сæргълæуджыты бынæттæм кандидаттыл. Уыцы æмвæзады æвзæрстытæм та кандидаттæй регистрацигонд æрцыдысты 1 мин адæймагæй фылдæр.

Центрон æвзарæн къамисы куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй æвзæрстыты рæстæг хъæлæсгæнæн алкæцы участоны дæр кусдзысты видеоцæстдарды системæтæ. Уыимæ, уыцы бонты кусдзысты адæмы хъæлæстæ нымайыны 66 электронон комплексы дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, политикон партиты минæвæрттæн дæр фадат уыдзæн хъæлæс кæныны фæткмæ сæ цæст дарынæн. Афтæ, закъоны уагæвæрдмæ гæсгæ, алкæцы политикон иугондæн дæр ис иу æвзарæн участокмæ 3 цæстдарæджы онг снысан кæныны бар.

**Нæ уацхæссæг**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Инвестицион архайд, кадртæ æмæ æндæр фарстатæ

**Знон Цхинвалы уыд Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады радон æмбырд.**



Премьер-министр **Джусойты Константины** разамындæй Хицауады уæнгтæ æрдзырдтой республикæйы царды æрвылбоны ахсджиаг фарстатыл.

Зæгъæм, хицауадон уынаффætæй нысангонд æрцыдысты районты администрациты сæргълæуджыты ног хæдивджытæ (уыимæ, сæ бынæттæй суæгъд кодтой раздæры бæрнон кусджыты). Афтæмæй, районты администрациты сæргълæуджыты хæдивджытæй нысангонд æрцыдысты: Знауыры районы — **Гатыгкоты Раман**, Дзауы районы — **Тедеты Альберт** æмæ Ленингоры районы — **Роман Девидзе.**

Уыимæ, зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы республикæйы Президент Гаглойты Аланы указтæй нысангонд æрцыдысты районты администрациты ног сæргълæуджытæ.

Дарддæр Хицауады уæнгтæ æркастысты Инвестицион проекттæн аргъгæнæг республикон къамисы архайды фарстамæ. Уый тыххæй уыд йæ раныхас республикæйы экономикон рæзты министр **Тадтаты Дзамболатæн.** Фарстайыл æрдзурыны фæстæ Хицауады уæнгтæ иуæй-иу ивддзинæдтæ бахастой къамисы скондмæ, стæй йын фæбæлвырддæр кодтой йæ архайды сæйраг нысантæ.

Æмбырды архайджытæ æрдзырдтой æндæр ахсджиаг хъуыддæгтыл дæр.

**(Информацион агентад "Спутник")**

**Кусæг балц**

# Скъолаты цæттæдзинад — ахуыры азмæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис бабæрæг кодта Дзæуджыхъæуы физикон-математикон лицей-интернат æмæ 4-æм гимназ. Бындурон цалцæджы куыстытæ сæ куыд конд цæуынц, уый федта. Уæрæсейы паддзахадон программæ "Ахуырады рæзты"-ы фæрцы хъуыддæгтæ бантыстысты.**

Хицауады Сæрдаримæ скъолаты уавæр федтой ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** æмæ арæзтад æмæ архитектурæйы ведомствæйы хицау **Моргуаты Константин**. Лицей-интернаты пъадвалтæ, кълæстæ, актон залæн сæ уавæрмæ æркастысты. Ныртæккæ куыст цæуы пъланмæ гæсгæ, йæ цæттæдзинад у 70 проценты бæрц. Аразджытæ нырма рагон къултæ фехæлдтой, бæстыхайы сæр раивтой, йæ æддаг къулмæ базылдысты.



Кæнынц электромонтажон æмæ фæлгонцадон куыстытæ, хъармдæттæн, дон æмæ канализаци ногæй аразынц, пъолтæ ивынц, къулты къæйтæ æвæрынц. Дзанайты Барис аразджыты æргом аздæхта æмгъуыдтæм, куыстыты хæрзхъæддзинадмæ. "Ацы скъолайы стыр хъуыддæгтæ хъуыд бакæнын, цыбыр рæстæгмæ уæ къухы бирæ цыдæртæ бафтыд. Нæхæдæг сæ уынæм. Фæлæ уæддæр рæвдздæр архайут, хъуамæ 25 августмæ бындурон цалцæг кæронмæ фæуа. 1 сентябрмæ та скъола хъуамæ цæттæ уа, уымæ ныййарджытæ æмæ сывæллæттæ æнхъæлмæ кæсынц", — фæбæрæг кодта Дзанайы-фырт.



Дзæуджыхъæуы 4-æм гимназы куыстытæ дыууæ дихы фæкодтой. Сæ иу хай хъуамæ 2022 азы сцæттæ уа, иннæ хай та — 2023 азы. Тынг сæрæнæй кусынц аразджытæ, æртæ уæладзыджы дæр, йæ бацæуæнтæ, йæ æддаг къул ноггонд æрцæудзысты. Специалисттæ ивынц инженерон хызтæ, кълæстæ æмæ холлтæ нывыл кæнынц. Хæрæндон фæпарахатдæр, цъирæн ногæй баивтой.

Хицауады Сæрдар хæрæндон уынгæйæ, аразджыты æргом аздæхта бæстыхайы аивдзинадмæ. Ома, æрмæст хæринаг бахæрыныл нæу ныхас, фæлæ дзы сывæллæттæ хъуамæ исой эстетикон удæнцойдзинад. Гимназы директор **Цуциты Сослан** куыд загъта, афтæмæй ахсджиаг у сывæллæтты æдасдзинад. Уый тыххæй дзы сæвæрдзысты зынгсирвæзты ныхмæ ног ифтонггæрзтæ.

"Зынгсирвæзт ма 'руадзыны уагæвæрдтæ ног ахуыры аз нодж ахсджиагдæр суыдзысты. Курын скъолаты разамонджытæй, цæмæй Æнæнхъæлæджы цауты министрады специалисттимæ æнгомдæр кусой, æдасдзинады уавæртæ бæрæггæнæн хъуыддæгтæ конд цæуой. Аразджытæ ацы кусæндоны бæрнонæй акастысты нысантæм. Скъола бирæфадатджын кæй суыдзæн, скъоладзаутæн æмæ ахуыргæнджытæн дзы хорз фадæттæ кæй уыдзæн, уый мæ уырны", — фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**"Æфсад-2022"**

## Дунеон хæстон-техникон форуммæ...

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг ТУГЪАНТЫ Ларисæ скодта, Цæгат Ирыстон дунеон хæстон-техникон форум "Æфсад-2022"-мæ бацæттæ кæныны тыххæй æмбырд. Форум уыдзæн 19-21 августы.**



Ныхасы архайдтой æххæстгæнæг хицауады, 58-æм æфсады æмæ æвзонг æфсæддонты регионалон штабы минæвæрттæ. Ацы аз форумы мадзæлттæ конд æрцæудзысты Хъесайы-фырты уынджы Терчы былгæрон.

Форуммæ æрбацæуæг адæмæн равдисдзысты, тыхы æппæт структурæтæ кæмæй пайда кæнынц, уыцы ныры́ккон техникæ. Республикæйы цæрджытæ æмæ уазджытæн цæттæ кæнынц хиирхæфсæн программæ. Æмбырды архайджытæ фæбæрæг кодтой æдасдзинады фарстатæ.

"Махæн нæ хæс у форум бæрзонд æмвæзадыл скæнын, æппæт мадзæлттæ хъуамæ афойнадыл ацæуой. Республикæйы цæрджытæм ирд æнкъарæнтæ кæй баззайдзæн, ууыл нæ зæрдæ дарæм", — загъта Тугъанты Ларисæ.

Дунеон хæстон-техникон форум "Æфсад-2022" конд цæуы 2015 азæй фæстæмæ. Уый фæрцы Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты кадыл æфты, хъомыладон æууæлтæ æххæст кæны, паддзахæдты 'хсæн бастдзинæдтæ хъахъхъæныны хъуыддаг фидардæр кæнынц.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Сæрмагонд уавæрты**

## Экспресс-тесттæ — низ раиртасынæн

**Уæрæсейы Федерацийы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад Цæгат Ирыстонæн радих кодта коронавирус раиртасынæн хъæугæ экспресс-тесттæ.**




Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. "Уыцы тесттæ ныридæгæн республикæмæ схæццæ сты. Уый нын фадат радта, цæмæй зынгæ фæфылдæр уа, тесттæ кæмæн кæнæм, уыцы адæмы нымæц", — загъта министр.

Уыимæ, ведомствæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, коронавирусæй рынчынты нымæц иуцасдæр кæй фæфылдæр, уыцы æууæл хынцгæйæ, ногæй фылдæр æргом здæхт æрцæудзæн адæмы дзыллон вакцинацимæ. Зæгъæм, ивгъуыд къуырийы дæргъы вакцинацийы мадзалы архайдтой 1230 адæймаджы.

**Нæ уацхæссæг**

**Æхсæнадон организациты**

## Адæмы куырдиат

**Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг активисттæ Цæгат Кавказы автомобилон фæндæгты управлени æмæ Горæтгæрон районы администрацимæ барвыстой Джызæлы Фæсивæдон æмæ Софьяйы парчы микрорайонты цæрæг адæмæн хъæуы центрмæ æнæкъуылымпыйæ бацæуынæн фадæттæ саразыны фæдыл гæххæттыл фыст куырдиат.**

Джызæлмæ бацæуæн бетон хицæнгæнæн тæлмæй æхгæд кæй у, уый нымайгæйæ, иу уынгæй иннæмæ транспортæй бацæуынæн адæмы бахъæуы Дзæуджыхъæуы онг цæуын.

æххæсткоммæ бахъаст кодтой.

— 2017 азы микрорайонмæ бацæуæн нывыл уагæй кæй нæ сарæзтой, уый аххосæй Джызæлы æндæр хайы уæвæг рæвдауæндонмæ сывæллоны



— Ныртæккæ нæ поселокмæ цæуæг иунæг фæндаг райдайæны нымад уыд рæстæгмæ бацæуæныл. Джызæйлаг соса æмæ Барбашовы уынджы тигъыл цыппарвæрсыг бацæуæн саразынмæ хъавыдысты. Ацы бацæуæны фæрцы нæ хæдзæрттæм æнæкъуылымпыйæ бахæццæ уыдаиккам, фæлæ цæрæнуæттæ арæзт куы фесты, уæд хицауад бацæуæны тыххæй хабар ферох кодта æмæ нын ныр стыр фæндагмæ дыууæрдæм рацæуыны фадат нæй, — зæгъынц Фæсивæдон поселочы цæрæг адæм.

Алыхуызон ведомствæтæм бахатæг адæм фæстагмæ Адæмон фронты баласынæн адæймаджы бахъæуы аст километры дæргъæн фæндагыл ацæуын. Ныртæккæ æртæвæрсыг чи у, поселоктæм уыцы бацæуæнæй саразын хъæуы цыппарвæрсыг бацæуæн, адæм арæх кæм фæцæуынц, Барбашовы уыцы уынг адаргъ кæнгæйæ. Афтæ бакæнгæйæ, уыдзæн поселочы цæрæг адæмы уавæр фæнывыл кæныны фадат. Куырдиат профилон ведомствæтæм барвыстам æмæ фарста лыггонд кæй æрцæудзæн, ууыл зæрдæ дарæм, — зæгъы Адæмон фронты цæгатирыстойнаг регионалон штабы æмсæрдар **Цæгæраты Руслан**.

**БÆДТИАТЫ Оксанæ**

**Дзырды фарн**

*Цу дæ амонды фæдыл.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **11 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **29-34 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **29-31 градусы хъарм.**

**Боны дæргъ — 14,06**

**Хурыскаст** — 05,02
**Хурныгуылд** — 19,08

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 60,41
**Евро** — 62,38

12+

Проект

# Иумæйаг туристон маршрут – Цæгат Кавказы регионтæн

**Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй 2023 азæй фæстæмæ байгом уыдзæн, æртæ цæгаткавказаг регионы — Стъараполы край, Кæсæг-Балхъар æмæ Цæгат Ирыстон — чи æрбаиу кæндзæн, ахæм 8-бонон авиацион туристон маршрут.**

Уый тыххæй журналисттæн сæ иумæйаг фембæлды радзырдтой регионты туристон ведомстввæты минæвæрттæ.

"Ныртæккæ комкоммæ бавнæлдтам Стъараполы край æмæ Цæгат Ирыстонимæ иумæйаг уæрæх туристон маршрут саразыны куыстмæ. Ног цымыдисаг маршрут "Цæгат Кавказ: горæттæ, хæхтæ, уазæгуарзондзинад"-ы райдайæн уыдзæн горæт Минеральные Водыйы, йæ кæронбæттæн та — Дзæуджыхъæуы. 8 боны дæргъы туристтæн уыдзæн Стъараполы крайы, Кæсæг-Балхъар æмæ Цæгат Ирыстоны зæрдылдарæн æмæ æндæр цымыдисаг бынæттимæ зонгæ кæныны фадат. Горæттæ — уый фылдæр хауы Стъараполы краймæ, хæхтæ — Кæсæг-Балхъармæ, уæдæ уазæгуарзондзинадæй та Ирыстоны чи амбулдзæн", — радзырдта Кæсæг-Балхъары республикæйы курорттæ æмæ туризмы министр **Мурат Шогенцуков**.

Министры ныхасмæ гæсгæ, ног маршрут байгом кæнынæн сæрмагонд грант радих кодта Туризмы федералон агентад. "Уыимæ, регионтæ æмæфсисады уагæвæрды бындурыл сæхимæ хъуамæ райсой маршрут байгом кæныны фæдыл организацион мадзæлттыл хæрдзты 30 проценты бæрц. Æмткæй райсгæйæ, ног маршрут кусынæввонг скæнынæн алкæцы регионы хыгъдмæ дæр бахъæудзæн фæйнæ 10 милуан сомы бæрц", — загъта Мурат Шогенцуков.

*("ТАСС")*

Горæтгæрон районæй

# Æхсызгон хабар

**Ацы бонты æхсызгон хабар æрцыд Черменыхъæуы ветеринарон дзæбæхгæнæны кусджытыл.**



Дзæбæхгæнæны фосы дохтыр **Дзулаты Чермен** нын куыд радзырдта, афтæмæй бирæ азты фосы дзæбæхгæнæны кусджытæ сæ архайдæн дон ведраты хастой сæ сыхæгтæй, фæлæ ацы аз хъæуы сæргълæууæг **Æгкацаты Беллæйы** хъæппæрисæй уыцы æдзæллагдзинадæн кæрон æрцыд.

Беллæ æрмæст районы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады разамонæг **Гугкаты Дмитриимæ** нæ баныхас кодта дон сæм бауадзыны тыххæй, фæлæ ма ссардта, сæ куыстытæн сын æхцайы фæрæзтæ чи бафида, ахæм адæймаг дæр. Æмæ Гугкаты Дмитри, кусджытæ **Дзугаты Вовæ, Битеты Тамерлан, Зассеты Генæ, Хуыгаты Алик, Саулохты Эдик** æмæ **Цоциты Сосланимæ** уынджы сæйраг донуадзæнæй финддæс метры зæхх æрбакъахтой, сæвæрдтой дзы хæтæлтæ, æндæр хъæугæ бетон зиллактæ, æмæ сыгъдæг нуазыны дон згъоры фосы дзæбæхгæнæнмæ, хæссы циндзинад йæ кусджытæн.

**Нæ уацхæссæг**

Пенсион фондæй

# Æмгъуыдæй раздæр кæмæн æмбæлы?

**Ацы азы райдайæнæй сæ кармæ гæсгæ æмгъуыдæй раздæр пенси нæ республикæйы снысан кодтой 192 адæймагæн. Уыдонæй 45 сты, æнæниздзинадæн зианхæссæг, стæй, уæлдай уæззаудæр уавæрты чи бакуыста, уыдон; 58 сты инвалид-сывæллоны ныййарджытæ кæнæ æвджиддартæ, 37 сты ахуыргæнджытæ, 10 — медицинон кусджытæ æмæ 9 — фондз æмæ уымæй фылдæр сывæллаттæ кæмæн ис, ахæм сылгоймæгтæ.**

Пенсион фонд республикæйы цæрджытæн сæ зæрдыл лæууын кæны, пенсион карæй пенсимæ раздæр ацæуыны бар кæмæн ис, уыцы адæммæ чи хауы, уый:

— æнæниздзинадæн зианхæссæг, уæлдай тæссаг-дæр æмæ уæззаудæр уавæрты чи бакуыста, уыдон:

— Дард Сыбыры районты чи бакуыста, уыдон;

— хъæугæ стаж кæмæ ис, уыцы ахуыргæнджытæ æмæ медицинон кусджытæ;

— фондз æмæ уымæй фылдæр сывæллоны чи ныййардта, уыцы сылгоймæгтæ;

— инвалид-сывæллон чи хæссы, уыцы ныййарджытæ кæнæ æвджиддартæ;

— пенсион кармæ гæсгæ пенсимæ бирæ кæй нал хъæуы, афтæмæй æгуыстыл нымад чи æрцыд, уыдон.

2019 азæй фæстæмæ пенсимæ æмгъуыдæй раздæр ацæуын сæ бон у, йæ фæллойадон стаж бирæ кæмæн у (сылгоймæгтæн — 37 азы, нæлгоймæгтæн —



42 азы), уыдонæн, стæй, æртæ кæнæ цыппар сывæллоны чи ныййардта, уыцы сылгоймæгтæн. Цыппар сывæллоны чи ныййардта æмæ сæ 8 азы онг чи фæхаста, 29 ахæм сылгоймагæн ацы аз пенси нысангонд æрцыд æмгъуыдæй раздæр.

Льготæтæй пайдагæнæг алы къордæн дæр ис пенсимæ рацæуыны йæхи кар. Зæгъæм, уæлдæр амынд бирæ стаж кæмæ уа, уыдонæн пенсимæ рацæуыны бар уыдзæн, сылгоймаг 55 азæй æрыгондæр куы нæ уа, нæлгоймаг та — 60 азæй æрыгондæр куы нæ уа, æрмæстдæр уæд. Ацы карæй раздæр пенсимæ рацæуыны бар нæ уыдзæн, адæймаджы пенсимæ бирæ куы нал хъæуа, афтæмæй куыстдæттæджы аххосæй æгуыстæй куы баззайа æмæ æгуыстыл нымад куы 'рцæуа, уæд дæр.

Ныхас бирæсывæллонджын ныййарджытыл куы цæуа, уæд та, сылгоймагмæ фæллойадон стаж 15 азы куы уа, стæй йæм закъонæй фидаргонд пенсион коэффициентты хъæугæ бæрц куы уа, уæд: æртæ сывæллоны ныййарæгæн йæ бон пенсимæ ацæуын уыдзæн 57-аздзыдæй, цыппар сывæллоны ныййарæгæн — 56-аздзыдæй, фондз æмæ уымæй фылдæр сывæллæттæ кæмæн уа, уымæн та 50-аздзыдæй. Уыимæ, уæлдæр ранымад бирæсывæллонджын сылгоймæгтæн пенси нысан кæныны рæстæг куы 'рцæуа, уæд æппæт сывæллæттыл дæр хъуамæ цæуа 8 азæй фылдæр (йæхицæн райгуырдысты кæнæ та хæсгæ сывæллон райста, уæлдай нæу).



**УФ-йы Пенсион фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Нысангонд æрцыд

# Университеты — ног проректор

**Уæрæсейы Федерацийы Наукæ æмæ уæлдæр ахуырады министрады пресс-секретарь ТОЛАСТЫ Екатеринæ кусын райдайдзæн Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты.**



Проректоры бынаты уый дзуапп дæтдзæн информацион политикæйы, паддзахадон хицаудзинад æмæ æхсæнадимæ университеты æмархайды фарстатæн, стæй рæзты стратегион нысантæ æххæст кæнынæн.

Уымæй уæлдай, ног проректорæн йæ бæрны уыдзысты университеты архайд дунеон æмвæзадыл æмæ æмгуыстадон бастдзинæдтæ фæсарæйнаг уæлдæр ахуыргæнæндæттимæ.

— Мæ райгуырæн Ирыстонæн æмæ нæ университетæн пайда æрхæссын мæнæн у стыр кады хос æмæ стыр бæрнондзинад. Ирыстонмæ æрыздæхыны тыххæй республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлоимæ** иу æмæ дыууæ хатты нæ ныхас кодтам. Сергей Иваны фырт архайы, цæмæй республикæмæ фæстæмæ здæхой, федералон æмвæзады чи бакуыста æмæ ахæм фæлтæрддзинад кæмæ ис, уыцы фæсивæд. Ацы фæтк æрфидар кæнын йæ къухы кæй бафтдзæн, уый мæ уырны. Стыр арфæйаг дæн нæ Уæрæсейы наукæ æмæ уæлдæр ахуырады министр **Валерий Фальковæй**, кæй мыл æууæндыд æмæ мæм йæ фæрцы куысты фæлтæрддзинад кæй фæзынд, уый тыххæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ университет кæй бæрны ис, уыцы федералон министрадимæ дарддæр дæр æмгуыст кæндзыстæм. Мæ райгуырæн Ирыстонмæ æрыздæхын æмæ, æрыгон æмæ æнтыстджын ректор **Огъуаты Алан** кæй сæргъы ис, уыцы университеты коллективы кусын мæнæн уыдзæн тынг æхсызгон, — загъта Толасты Екатеринæ.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Хорзæх

# Адæймаг аирвæзт

**Уæрæсегвардийы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Управленийы разамонæг, булкъон Валерий ГОЛОТА "За спасение", зæгъгæ, ведомствæйы ацы майданæй схорзæхджын кодта паддзахадон цæстдарды хайады кусæг капитан ЗÆГÆЛАТЫ Русланы, арт кæцæй калд, уыцы фатерæй ацæргæ адæймаджы кæй аирвæзын кодта, уый тыххæй.**

Ацы аз январы, йæ фатерæй рацæйцæугæйæ, Руслан бафиппайдта, фыццæгæм уæладзыджы фатертæй иуæй æддæмæ сыгъды тæф фыццаградон æххуыс бакодтой. Хъыгдардбаййафæг куыддæр фæдзæбæх, афтæ йæхæдæг æрбацыд Уæрæсегвардийы фæзуатон



кæй цæуы, уый. Барадхъахъхъæнæг æвæстиатæй фæдзырдта зынгхуыссынгæнæг службæмæ, йæхæдæг та балкъоныл бахызт, фæздæг кæцæй калд, уыцы фатермæ, æмæ фатеры хицауы уадзыгæй баййæфта. Уæрæсегвардион зынг ахуыссын кодта, хъыгдардбаййафæг адæймаджы та æддæмæ ракодта. Уæдмæ фыдбылызы бынатмæ æрхæццæ сты медицинон кусджытæ æмæ нæлгоймагæн управленимæ йæ ирвæзынгæнæгæн арфæ ракæныны тыххæй.

— Хъæйтардзинадæй уыйас ницы равдыстон. Куыд Уæрæсегвардийы кусæг, куыд гражданин, афтæ мæ хæс уыд баххуыс кæнын. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, алы адæймаг дæр, мæ бынаты уæвгæйæ, æххуысæй йæхи нæ атигъ кодтаид, — загъта пъæлицæйы капитан Зæгæлаты Руслан.

**Нæ уацхæссæг**

Барад

# Æнæзакъон миграци

**Æрæфы районы тæрхондон бынæттон 57-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддагæн зылынгæнæг уынаффæ рахаста.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 322.1 статьяйы 1 хайы ("Æнæзакъон миграцийæн фадæттæ саразын") амынд фыдракæнд саразынæй.

Барадхъахъхъæнджытæ куыд сбæлвырд кодтой, афтæмæй Узбекистанæй Уæрæсемæ æнæзакъонæй чи æрбацыд, ивгъуыд азы сентябрæй ацы азы мартъийы онг ахæм адæймæгтæ амынд нæлгоймаджы фермерон хæдзарады фæзуатыл цæмæй цæрой, нæлгоймаг уымæн æппæт фадæттæ сарæзта.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, Æрæфы районы тæрхондон нæлгоймагæн рахаста афæдзы дæргъы дзырдмæ ахæстоны фæбадыны тæрхон 6 мæйы дæргъы фæлварæн æмгъуыдимæ.

Тæрхон йæ закъонон тыхы нæма бацыд.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Фæндагыл цæуыны æдасдзинад

# Уагæвæрдтæн халæн нæй

**Фæндагыл цæуыны æдасдзинады домæнтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ цæстдарыны мадзæлттæ æххæст кæнгæйæ, Паддзахадон автоинспекцийы кусджытæ раргом кодтой фæткхалæн 3 114 цауы, уыдонæй 108 уыдысты, нозтджын шофыр машинæ куы скъæрдта, ахæмтæ.**

Æгъдаухалджытæ се 'ппæт дæр баййæфтой административон æфхæрд, сæ хъуыддæгтæ æрвыст æрцыдысты тæрхондонмæ. Се 'ппæтмæ дæр æнхъæлмæ кæсы, дыууæ азы сын машинæйыл бадыны бар кæй нал уыдзæн, тæрхондоны ахæм æфхæрд. Стæй ма сæ 30 мин сомæй фæивар кæндзысты.

Дыккаг хатт нозтджынæй машинæ скъæрдта, зæгъгæ, ахæм фыдракæнд саразджытæ разынд 13 адæймаджы. Сæ ныхмæ арæзт æрцыд уголовон хъуыддæгтæ УФ-йы Уголовон кодексы 264.1 статьямæ гæсгæ. Æртæ азы онг ахæстоны фæбадыны тæрхон — ахæм у ацы статьямæ гæсгæ карздæр æфхæрд.

Машинæ скъæрыны бардæттæг æвдисæндар кæмæ нæ уыд, афтæмæй машинæйыл чи сбадт, ахæм фыдракæнд саразæг 39 адæймаджы баурæдтой автоинспекцийы кусджытæ. УФ-йы Административон барадхæлдтыты 12.7 кодексмæ гæсгæ уыдон баййæфтой административон æфхæрд.

Ныхмæ цæуæг машинæты фæндагмæ рацæугæйæ, фæндагыл цæуыны æдасдзинады ацы уагæвæрд фехæлдтой 46 шофыры, сывæллон машинæйы ласыны домæнтæ та — 569 адæймаджы.

Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы фæндæгтыл æрцыд фараст фæндагон-транспортон фыдбылызы, дыууæ адæймаджы дзы фæмард, 11 та хъыгдард баййæфтой, се 'хсæн уыд иу æнахъом сывæллон.

**Нæ уацхæссæг**

Энергетикæ

# Цалцæджы куыстытæ

**Компани "Россети Северный Кавказ" электрон тыхдæттæн уæлдæфон лини "Æрыдон-Дигора" цалцæг кæнын райдыдта.**



Чысыл хъуагæй 10 километры дæргъæн лини Æрыдоны æмæ Дыгуры районты дыууæ егъау ифтонггæнæг центры æхсæн электрон тых æрвиты. 18 мин адæймагæй фылдæр, социалон къабазы объекттæ, стæй промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ электрон тыхæй æнæлазæй ифтонггонд уыдзысты æви нæ, уый аразгæ у амынд линийы æнаипп куыстæй.

Электрон тыхдæттæн линийыл кусгæйæ, техникон пайдакæнынады службæйы специалисттæ 16 æмæ 22 метры бæрзæндæн згъæр цæджындзтæ, стæй базæрондуæвæг техникон ифтонггæрзтæ ногтæй ивынц.

Энергетикты зæрды ис ацы мæйы кæронмæ куыстытæ баххæст кæнын. Фидæны фæззыгон-зымæгон афонмæ республикæйы электрохызæгон комплекс бацæттæ кæнынмæ арæзт чи у, амынд куыстытæ æххæстгонд цæуынц ацы азы уыцы цалцæггæнæн программæмæ гæсгæ.

**Компани "Россети Северный Кавказ"-ы пресс-службæ**

Уæлахизхæсджытæ

# Магкоты хъæбатыр хæстон

**Магкоты Акимы фырт Алихан райгуырд 1922 азы Цæгат Ирыстоны Сындзыхъæуы. Йæ ныййарджытæ Магкоты Аким æмæ Козурæн уыд сæ хистæр фырт. Бинонтæ уыдысты бирæ, фæллой кæнын æмæ хæрзæгъдау уæвын — сæ царды бындур.**

1941 азы Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Алихан каст фæци астæуккаг скъола æмæ хæстмæ æппæты фыццæгтимæ ацыд Магкоты лæппу дæр, афтæмæй 18-аздзыд хæстон февзæрд карз тохы тæккæ цæхæры — хæцыд Украинаг фыццæгæм фронты.

Сусæггаг нæу, хæстæн йе стырдæр, йæ сæйрагдæр уæз æвæрд кæй цыд рæнхъон салдæтты уæхсчытыл. Рæнхъон уыд Алихан дæр. Алы хæстон дæр — салдæттæ æмæ афицертæ — хъæбатырæй хæцыдысты знаджы ныхмæ, æхсар æмæ лæгдзинад æвдисгæйæ, размæ бырсгæйæ æмæ йын аккаг ныхкъуырд дæтгæйæ. Фашисттæ дæр дзуапп лæвæрдтой, нæмгуытæ ихау калдысты нæ хæстонтыл. Знаджы нæмыгæй нæ аирвæзт Магкоты лæппу дæр. Украинаг горæт Каменец-Подольский немыцаг лæбурджытæй сыгъдæг кæнгæйæ, фæци уæззау цæф æмæ госпитæлмæ бахауд.

Куы фæдзæбæх, уæд йе 'нæниздзинады уавæрмæ гæсгæ йæ бон уыд, цæмæй хæстмæ мауал ацæуа. Фæлæ уыцы хъуыддаг Алихан йæ сæрмæ не 'рхаста. Ныр хæцыд Хуссар-Ныгуылæйнаг фронты, уыд хицæн 26-æм æхсæг батальоны минæтæй æхсæг. Украинæйы хъæутæ æмæ горæттæ знагæй ирвæзын кæнгæйæ, хæсты быдыры дарддæр дæр æвдыста хъæбатырдзинад, ныфс æмæ лæгдзинад. Севастополы бухтæ Казачья байсыныл цы тугуарæн хæстытæ цыд, уым æхсарджынæй кæй архайдта, уый тыххæй йын 1944 азы 25 майы лæвæрд æрцыд майдан "Хъæбатырдзинады тыххæй". Хæстонты 'хсæн уыцы хæрзиуæг нымад у æппæтæй зынаргъдæр æмæ кадджындæрыл.

Советон Цæдисы зæххытæ знагæй куы ссыгъдæг кодтой æмæ йæ дарддæр Ныгуылæны 'рдæм сурын



куы райдыдтой, уæд, уыцы хæстыты архайгæйæ, Алихан бахæццæ Польшæмæ. Иннæ фæсарæйнаг бæстæтæ нацизмæй уæгъд кæныны хæстытæй уæлдай, Польшæйы чи цыд, уыцы тохтæ уыдысты карздæр, ныккалд дзы советон салдæтты тынг бирæ туг.

Ацы хатт знаджы нæмыг нал бацауæрста Алиханыл. Уæлахизы бонмæ бирæ нал баззад, афтæмæй, хæстæн йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ немыцаг лæбурджыты ныхмæ æхсарджынæй чи хæцыд, уыцы хъæбатыр хæстон фæци мæлæтдзаг цæф... Уый уыд 1944 азы 6 ноябры Краковы бынмæ польшæйаг хъæу Смольникмæ хæстæг.

Фæлæ, кæй фæмард, уый тыххæй йæ бинонтæ бæлвырд хабæрттæй нырма уал ницы зыдтой. Уæлахизхæссæг хæстонтæ иугай — дыгай цыдысты сæ хæдзæрттæм, фæлæ Алихан зынæг нæ уыд. Йæ ныййарæг алы бон дæр цыд хъæугæрон фæндагмæ æмæ каст, мæ хъæбул зынæг нæй, цымæ, зæгъгæ. Фæлæ дзæгъæлы каст æнхъæлмæ ныййарæджы зæрдæ... 1946 азы 22 августы бинонтæ райстой цыбыр хъусынгæнинаг, æмæ дзы фыст уыд: "Уæ фырт Магкоты Акимы фырт Алихан, ЦИАССР-йы Дыгуры районы Сындзыхъæуæй рацæуæг, знаджы ныхмæ хъæбатырæй хæцгæйæ, уæззау цæфтæ фæци æмæ амард. Ныгæд æрцыд Польшæйы, Краковы воеводствæйы, пов. Санокский, хъæу Смольникы".

Гъе афтæ, цардæй чи ницыма федта, уыцы æрыгон лæппуйы фæстæ баззад æрмæстдæр ацы цалдæр рæнхъы. Фæлæ уыдон дзурæг сты не 'мзæххон хуымætæг салдаты хъæбатырдзинадыл. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты лæгдзинад чи равдыста, йæ цард не 'вгъау кæнгæйæ, знаджы ныхмæ æхсарджынæй чи хæцыд, Алиханы хуызæн ахæм æрыгон хæстонтæ сæ тугæй балхæдтой Стыр Уæлахиз, æмæ уымæн рохгæнæн нæй, стæй рох никуы уыдзæн фæлтæртæй.

**МАГКОТЫ Раисæ, Дзæуджыхъæуы цæрæг, фæллойы ветеран**

Номарæн

# Рæстдзинад — йæ сæйраг хотых

## Дзугаты Барисы райгуырды 100 азы бонмæ




**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты кой куы рацæуы, уæд мæ зæрдыл æрбалæууы мæ сабидуджы цаутæй иу: бадынц тымбыл стъолы алфамбылай зноны хæстонтæ. Сæ хистæр, мæ фыдыфсымæр Махарбегыл цыдис 27 азы. Афæдзæй чысыл фылдæр рацыд, Берлины сæрмæ Уæлахизы сырх тырыса куы сфæйлыдта, уæдæй. Ацы хæствæллад лæппулæгтæ кодтой сæ тохы хабæрттæ, мысыдысты сæ хæстон æмбæлтты. Æризæр, æрфынæй дæн, авдаздзыд саби, пецы рæбын ламаздыхъхъыл. Райхъал дæн лæгты хъæрæй худтмæ. Бахъæлдзæг сты се 'ппæтæй ныллæгдæры ныхæстæм. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй уый уыдис Дзугаты Барис — ÆК(б)П-йы Кировы райкомы пропагандист. Иннæтæ та: Андиаты Мæхæмæт — ФÆЛКЦ-йы Кировы райкомы фыццаг нымæрдар, районы газет ”Кировон”-ы бæрнон нымæрдар Къубалты Махарбег, редакцийы кусджытæ Бесаты Таймураз æмæ Дзараты Батджери, типографийы сæргълæууæг Къубалты Додти (мæ иннæ фыдыфсымæр).**

Чи уыдис Дзугаты Барис? Кадджын, æгъдауджын æмæ намысджын хъæу Елхоты райгуырд Ирыстоны разагъды лæгтæй иу Дзугаты Гæбæйы фырт. Хуымæтæг зæхкусæджы хæдзары. Хъыгагæн, хæрз сабийæ баззад Барис æнæ фыдæй. Уымæ гæсгæ йе 'взонджы бонты райдыдта йæ фæллойадон фæндаг. Колхозон арæзтад йæ тæккæ тæмæны куы бацыд, уæд Дзугаты суинаг лæппу дæр æрлæууыд быдырыкуыстгæнджыты æмрæнхъ. Хæристы комæй Асæхъойы æрхы былтæм, Хапæйæ та кæсгон хъæу Ботасаты зæххыты арæнтæм йæ рувæны цæф æмæ къахвæд Елхоты хуымзæххыты кæм не сты, ахæм гæппæл дзы, æвæццæгæн, зын ссарæн у.

— Сæрдыгон æнтæфы Терчы уылæнты дæхи баппар, Едзойты куыройы цурæй Сырх куыроймæ дæхи рауадз, цы ма уыд уымæй хуыздæр чысыл лæппутæн, — арæх-иу æрымысыд Барис. — Æниу дыргъдæттыл ацуан кæнын та! Уæртæ Дзæрæхохты Бæбуцы цъайы был-иу æппæты разæй срæгъæд урс гуырдзиаг бал. Бирæ йæ уарзтой Сæрæлиаты Æги (Хъауырбег) æмæ Такъæты Мурат. Иннæ ахæм ирон балтæ Адырхаты Сæпси, нæхи Дзугаты Дзабейы, Датиты Дрисы цæхæрадæтты. Уарзтам Моргуаты Атидзæйы къуыбырыл бадын (Елхоты ис фондз стыр обауы — нæ рагфыдæлты ингæнтæ — Къ.С.).

...Адæймагæн йæ хорздзинад йæ разæй цæуы. Уый йын ном дæр скæны æмæ йын фæндаг дæр дæтты. Барис æгæрон уарзтæй уарзта йæ райгуырæн хъæу æмæ елхотæгты стырæй-чысылæй. Хистæртæн уыдис цæрдæг кæстæр, кæстæртæн та зондамонæг хистæр. Бирæ хорздзинæдтæ йæ фæндыд адæмæн, йæхи загъдау, алчидæр райгуыры цæрынæн æмæ хъуамæ амондджын уа.

Барис æвзыгъд уыдис ахуырмæ. Æндæр дис ницы кодта мæ фыдыфсымæр Къубалты Додти: куыд ын фаг кодта рæстæг кусынæн, хъазынæн æмæ ма иттæг хорз ахуыр кæнынæн дæр скъолайы. Йæ иннæ æмкъласонтæ хотæ Агънаты Нинæ æмæ Фатъимæт, Дзараты Батрадз, Кодзырты дыууæ Райæйы — Дзамболаты чызг æмæ Ладемыры чызг, Адырхаты Верæ... Бирæ уыдысты, ивгъуыд æнусы 30-æм азты кæрон, Елхоты астæуккаг скъола иумæ каст чи фæцис, уыдон...

Диссаг у, æвæдза! Мæ уацхъуыды райдайæны цы æмбырды кой скодтон, уым æхсæз хæстонæй иу дæр йæхи тыххæй ницы загъта. Уый хыгъд æнæрынцойæ æппæлыдысты сæ хæстон æмбæлттæй. Афтæмæй Барис йæхæдæг хорзæхджын æрцыд фондз хæстон орденæй æмæ фынддæс майданæй...

Хæст... Ивгъуыд æнусы 30-æм азты кæрон елхотаг скъоладзаутæ дæр æнкъардтой, Германы зæххыл цы фашизм равзæрд, уый æгас дуне дæр æвыдæй кæй нæ ныууадздзæн. Уæддæр хур бон арвы цæфау уыдис немыцы æрбабырст Советон бæстæмæ. Нæ уырныдта Дзугаты къаннæг Барисы, куыд хъуамæ сиса йæ къух хæцæнгарзимæ адæймагмæ, хæсты размæ карчы тæригъæды дæр куы никуы бацыд, уæд. Фæлæ Райгуырæн бæстæ куы фæсидтис йæ хъæбултæм, уæд фыццæгтимæ атындзыдта тохы быдырмæ. Уый уыдис 1941 азы сусæны мæйы (июлы) 5-æм бон. Цæуыл хъуыды кодта, цымæ, æрыгон æфсæддон поезды вагоны бадгæйæ? Скъолайы Уæрæсейы историйы урокты бирæ хæттыты фехъуыста, стæй аивадон литературæйы дæр бакаст хъæбатырты тыххæй. Тынгдæр дзы йæ зæрдæйыл цы бадардта — знаджы нæмыг тагъддæр ссары тæппуды, йæ сæр бафснайыныл чи фæархайы, ахæмы. Фæлæ дзы рох нæ уыд — нæмыг хатыр нæ зоны, хъæбатыры дæр баййафы.

Цыппар дæргъвæтин азы фæцыд Барис хæстон фæндæгтыл. Службæ кодта Фæскавказы (Цæгатаг къорды), Хуссар-Ныгуылæн, фыццаг Белорусаг фронтты æмæ ма Приморьейы æфсады хицæн хæйтты.

Фæстæдæр, мæхæдæг журналистикæйы фæндагыл куы 'рлæууыдтæн, уæд арæх æмбæлдыстæм мæ хорз хистæримæ — бирæ азты дæргъы Барис разамынд лæвæрдта Цæгат Ирыстоны Журналистты цæдисæн. Иуахæмы, Стыр Уæлахизы бонмæ хуыздæр бацæттæ кæныны тыххæй районты газетты редакторты æмбырды (разамынд ын лæвæрдта Дзугайыфырт), бафарстон Барисы: "Дæ фыццаг хæрзиуæг — Сырх Стъалыйы орден — цæй тыххæй райстай". Чысыл ахъуыдыйы фæстæ загъта:

— Хæстон цаутæй иуæн дæр рохгæнæн нæй, уæлахизтæ иууылдæр тугæй æлхæд сты. Мах дæр Керчы æрдæгсакъадах знæгтæй ссæрибар кæныны тохы куы бацыдыстæм, уæд нæ хæрзиуæгыл ничи хъуыды кодта — тырныдтам фæуæлахиз уæвынмæ, стæй удæгасæй баззайынмæ. Хъыгагæн, бирæтæ нал федтой боны рухс, се 'взонг цард нывондæн æрхастой. Майдантæ æмæ ордентæ радтой къорд æфсæддонæн — чи фæмард æмæ чи фæуæлахиз, уыдонæн. Семæ æз дæр.

Развæлгъау æй зæгъын: дыккаг ахæм орден Дзугаты æрыгон афицер райста Севастополы тыххæй, иннæ ордентæ та — Вислæ æмæ Берлины хæстон операциты тыххæй.

Елхотаг лæппу, иу хатт ма йæ зæгъын, уыдис æмгарджын. Йæ хæстон æмбæлттæй-иу чи нал раздæхт тохы цæхæрæй, уыдоныл-иу йæ зæрдæ фæрыст куыд мадызæнæг æфсымæрыл, афтæ. Уыдоны сæр хъуыды кæнгæйæ, Барис йæ цæрæнбонты йæ сæрмæ никуы æрхаста искæуыл гадзрахатæй рацæуын, искæмæн æнæхъуаджы маст скæнын. Уый йæ бирæ хæлæртты никуы адих кодта хъæздгуытæ æмæ мæгуыртыл, хицауы бынаты бадæг æмæ хуымæтæг фæллойгæнæгыл.



Фыдæлтæй ахæм ныхас баззад: "Мæгуыр уый у, бирæ адæмы 'хсæн дæр иунæг чи вæййы". Фæлæ, ныхас дæр ыл нæй, Барис арæхдæр мысыд йæ хæстон æмбæлтты. Иннæ ахæм, йе 'мкъласонтæй хæсты быдыры кæуыл æмæ куыд æмбæлд, уыцы цаутæ.

— Уæртæ нæхи даскъофаг мызыхъхъ Мырзабеджы хъуыды кæндзыстут — Гæлуаты, — дзырдта, мæ уац цы æмбырдæй райдыдтон, уый рæстæг Барис. — Хистæр кълæсты махимæ ахуыр кодта, сæхи хъæуы скъола уыдис авдкъласон. Хæстмæ нæм фæд-фæдыл фæсидтысты. 1943 азы Хъубаны ссæрибар кæныны тохты рæстæг госпитæлы фæстæ мæ арвыстой 56-æм æфсады афицерты резервмæ. Æрбынæттон стæм станицæ Ильяскаайы. Дыккаг бон мæм афицертæй иу зонгæ фæкаст. Бацыдтæн æм хæстæг æмæ — нæхи Мырзабег. Фæцинтæ, фæхъæбыстæ кодтам, æрымысыдыстæм нæ зонгæты, æмбæлтты. Фæлæ мæм цæмæдæр гæсгæ йæ цæстæнгас сагъæсхуыз фæкаст. Загъта, йæ бæрны йын бæрнон хæс кæй бакодтой, тæссаг кæй у. Авæрдтон ын ныфсытæ, чысыл бахъæлдзæг. Нæ фембæлдæй цалдæр боны фæстæ мын фехъусын кодтой Гæлуайы-фырты фæстаг сгуыхтдзинады тыххæй. Цæвиттон, Мырзабеджы ротæ бырста æнæном обаумæ, байста йæ, фæлæ йæ цъуппыл знаджы нæмыг ахызти йæ цардуарзаг зæрдæйы.

> ”
>
> ***Хæст... Хур бон арвы цæфау уыдис немыцы æрбабырст Советон Цæдисмæ. Райгуырæн бæстæ куы фæсидтис йæ хъæбултæм, уæд Барис фыццæгтимæ атындзыдта тохы быдырмæ. Цæуыл хъуыды кодта, цымæ, æрыгон æфсæддон поезды вагоны бадгæйæ? Скъолайы Уæрæсейы историйы урокты бирæ хæттыты фехъуыста, стæй аивадон литературæйы дæр бакаст хъæбатырты тыххæй. Тынгдæр дзы йæ зæрдæйыл цы бадардта — знаджы нæмыг тагъддæр ссары тæппуды, йæ сæр бафснайыныл чи фæархайы, ахæмы. Фæлæ дзы рох нæ уыд — нæмыг хатыр нæ зоны, хъæбатыры дæр баййафы.***
>
> ***Цыппар дæргъвæтин азы фæцыд Барис хæстон фæндæгтыл. Службæ кодта Фæскавказы (Цæгатаг къорды), Хуссар-Ныгуылæн, фыццаг Белорусаг фронтты æмæ ма Приморьейы æфсады хицæн хæйтты.***
>
> “

Иннæ ахæм æнæнхъæлæджы фембæлд уыдис Барисæн йæ сыхаг æмæ хорз æмбал Ардасенты Уырысханимæ. Дзугайы-фырт уый тыххæй афтæ радзырдта:

— Севастопол знагæй куы ссæрибар кодтам, уæд нын нæ дивизи арвыстой Польшæмæ. Нæ эшелон дыууæ боны бафæстиат Конотопы станцæйы. Уым нæ æрбаййæфта нæ дивизийы дыккаг эшелон. Лæууын перроны, æфсæддонтæ дыууæрдæм кæнынц. Кæсын, æмæ мæ рæзты æрбацæуы мызыхъарæзт танкист. Ай нæхи елхотаг куы у, зæгъгæ, йæм сдзырдтон:

— Æмбал хистæр сержант! Цæмæн халыс æфсæддон службæйы уагæвæрд?

Уырысхан дзыхълæуд фæкодта, мæнырдæм фездæхт, йæ къух къæмисæнмæ схаста: "Хатыр, æмбал лей... — йæ ныхас цыма йæ хъуыры фæбадт, йæ цæстытæ дзагъырæй баззадысты, стæй уыцы-иу хъæр ныккодта: "Уый ды дæ? Æгас ма дæ, дæлæмæдзыд?" Хъыгагæн, уый уыдис нæ фæстаг фембæлд. Куыд базыдтон, афтæмæй Берлины бынмæ карз хæстыты Уырысхан фæцис мæлæтдзаг цæф, ныгæд дæр уым æрцыд. Рухсаг уæд, хъæбатыр хæстон уыдис.

Уæлахизæй сыздæхт йæ райгуырæн хъæумæ Барис. Йæ хæстон дарæс куы раивта, уæд кусын райдыдта Кировы районы газет "Кировон"-ы (ныры "Размæ") бæрнон нымæрдарæй, ФÆЛКЦ-йы Кировы райкомы фыццаг нымæрдарæй, ÆК(б)П-йы райкомы пропагандистæй. Кæцыфæнды бынаты дæр йæхи æвдыста æвзыгъд æмæ дардмæуынагæй. Уыцы миниуджытæ йын рахатыдта Кировы районы разамынд æмæ йæ ахуырмæ арвыста Краснодары крайы дыууæазон партион скъоламæ. Куы сыздæхт, уæд та райдыдта пропагандистæй кусын. Уыцы рæстæджы (ивгъуыд æнусы 50-æм азты райдайæны) цаутæй мын иуы тыххæй радзырдта ФÆЛКЦ-йы райкомы уæды нымæрдар Ардасенты Уырысби (уый дæр хæстон лæг).

Цæвиттон, цыдысты партион организациты дзуапдæттæн-æвзарæн æмбырдтæ. Партийы райком, райæххæстком æмæ ФÆЛКЦ-йы райкомæн уыдис иу организаци. Æмбырды рæстæг Барисы дæр бавдыстой партбюройы уæнгтæм кандидатæй. Уый афтæ куы зæгъид: "Æз районы бирæ нæ бафæстиат уыдзынæн, æмæ цæмæй ацы фарстамæ дыккаг хатт ма здæхат, уый тыххæй мын сисут мæ кандидатурæ". Уæд æм райкомы фыццаг нымæрдар сдзырдта: "Коммунист дæ, æмæ дын парти кæдæм зæгъа, уырдæм цæудзынæ". Барис хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй йын цæхгæр дзуапп радта: "Чи зоны, æз партиимæ баныхас кæндзынæн. Фæлæ ды парти нæма дæ, кæд райкомы фыццаг нымæрдар дæ, уæддæр"...

Цыргъзонд æмæ дзырдарæхст уыдис Дзугайы-фырт. Уыцы цауæй мæйы фæстæ райдыдта кусын газет "Социалистическая Осетия"-йы партион хайады сæргълæууæгæй. Цыбыр рæстæджы фæстæ та — ацы газеты редакторы хæдивæгæй. Афтæ райдыдта, дæсгай азты кæм бафæллой кодта, уыцы журналистон куыст.

1953 азæй 1958 азмæ Барис ахуыр кодта СЦКП-йы ЦК-йы цур Уæлдæр партион скъолайы. Уыцы азты скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст чи фæци, уыцы цалдæр рауагъдонæй иу уыдис Дзугайы-фырт. Ацы хъуыды бафидар кæныны тыххæй æрхæсдзынæн иу дæнцæг. Ивгъуыд æнусы 70-æм азты æрвыст æрцыдтæн Ростовы Уæлдæр партион скъоламæ журналистты дæснылдзинад бæрзонддæр кæныны курсытæм. Иу бон нын лекци хъуамæ кастаид мæскуыйаг профессор. Рацыд, салам радта, йæхи бацамыдта, загъта йæ лекцийы темæ. Стæй бафарста: "Ам ис Цæгат Ирыстоны делегаци?". Мах сыстадыстæм: Дзатцеты Тамарæ — газет "Социалистическая Осетия"-йы хайады сæргълæууæг, Тепсыхъоты Зоя — газет "Рæстдзинад"-ы хайады сæргълæууæг, Букылты Майрæм — Горæтгæрон районы газеты редактор, Дзæрæсуты Георги — Дыгуры районы газеты редактор, Гуцъунаты Барис — Æрæфы районы газеты редактор æмæ ацы рæнхъытæ фыссæг — Кировы районы газеты редактор.

— Бузныг, æрбадут, — загъта профессор. — Æз уын цы радзуринаг дæн, уый уын мæнæй хуыздæр бамбарын кæнид уе 'мбæстаг, ныртæккæйы тыхджындæр журналисттæй иу, Дзугаты Гæбæйы фырт Барис.

Куыннæ уыдыстæм мах сæрыстыр! Ай-гъай, Барис арф фæд ныууагъта æрмæст Ирыстоны нæ, фæлæ Уæрæсейы журналистикæйы. Махæн, æрыгон журналисттæн, уыд нæ хуыздæр хæлар æмæ зондамонæг. Къорд азы дæргъы, уæлдар ма йæ куы загътон, разамынд лæвæрдта республикæйы Журналистты цæдисæн. Дæргъвæтин рæстæг фæкуыста газет "Рæстдзинад"-ы редакторы хæдивæгæй, уыдис Цæгат Ирыстоны радиокомитеты сæйраг редактор. Саккаг ын кодтой УСФСР-йы культурæйы сгуыхт кусæджы кадджын ном.

Барис æмхуызон хорз арæхст уырыссаг æмæ ирон æвзагыл фыссынмæ. Умæн-иу æй бацагуырдтой республикæйы разамынд, исты ахсджиаг хъуыддагыл-иу сæ фыссын куы бахъуыд, уæд. Фæлæ козбау митæ йæ сæрмæ никуы æрхаста — рæстдзинад уыдис йæ сæйраг хотых. Æмæ йæ бæрзонд фæхаста йæ царды кæронмæ.

**КЪУБАЛТЫ Солтан,**
**ССР Цæдисы æмæ Уæрæсейы Журналистты цæдисты уæнг**

Ахудынæн

## Чындзæхсæв

*Зæронд Тыппыроны зианы бон йæ "ног ирон" фырттæ фынгыл цынæ хойраг æрæвæрдтой, ахæм нал баззади. Ирон арахъхъ, уырыссаг бæгæны, сæн... "Пепси-кола", алыхуызон суæрттæ... Банантæ, киви, хурма... Хъонтхора, тархуны сыфтæ...*

*Цасдæры фæстæ рæгъытæ Хуыппийæн сидтытæм раивтой.*

*— Цæуылнæ зарæм, кæмæй цы дарæм? — Хуыппи йæ ныхмæ бадджытæм бауырдыг.*

*— Сабыр, сабыр, — дзуры йæм Къулой.*

*— Сыбыры кой та мын цы кæнут?! Мах Кавказы цæрæм! Ирыстоны!*

*Иу афон Хуыппи, сæны авгыл мидбылты худгæ чызджы нывæн аба кæнгæйæ, "Чындзхæсджыты зарæг" ныццæлхъ ласта.*

*— Ой, нана! Дæ буц чызджы дын куы фæхæссынц, уæдæ-æ-æ...*

*Зианджын æфсымæртæ Хуыппимæ лæбурынц, фæлæ сæ фæсивæд уромынц.*

*— Æрсабыр ут, лæппутæ! Хуыппи ницы аххосджын у! — дзуры Саухал зианджынтæм. — Уæ мадæн хисты бæсты чындзæхсæв скодтат æмæ чындзæхсæвы та заргæ æмæ кафгæ фæкæнынц!*

## Къалос

*Хуыппийæн йæ æхсай азы йæхи фесты æмæ йын сыхæгтæ йæ райгуырæн боны зæрдылдарынæн исты дзаума балæвар кæнын сфæнд кодтой.*

*— Цæй æмæ йын нымæт худ балхæнæм, — фæндон бахаста Къулой.*

*— Дæ фæнд нæ бæззы, искуы йын æй дымгæ ахæсдзæн.*

*— Кæркæ-мæркæ галстук ын куы балæвар кæниккам, уæд куыд уаид?*

*— Йæхи дзы фæхурх кæндзæн, æндæр куыд.*

*— Хъама! Хъама йын балæвар кæнæм!*

*— Цытæ дзурыс, Хамби? Расыгæй дзы искæй ныммара, уый дæ фæнды?!*

*— Сыкъа! Æвзист нывæфтыд хъузджын сыкъа йын балæвар кæнæм.*

*— Уый хорз фæндон у! Хуыппийы зæрдæмæ æнæмæнг фæцæудзæн уыцы лæвар!*

*— Уыцы фæнд дæр уын нæ бæззы! — дзуры сæм Саухал. — Сыкъайæ æрмæст нуазæн ис, фæлтау ын къалос балæвар кæнæм æмæ йæ къахыл дæр дардзæн, стæй ма дзы-иу арахъ дæр нуаздзæн!*

***СЛАНТЫ Руслан***

Аланийыл Саргъуыды 1100 азмæ

## Ног æхца




**Уæрæсейы Банк рауагъта зæрдылдарæн æвзист æртæ сомы — ”Аланийыл Саргъуыды 1100 азмæ” æмæ ”Историон цаутæ”. Ацы хабар хъусын кæны Уæрæсейы Банчы пресс-службæ.**

**Æхцайыл хуызырдыгæй фенæн ис Уæрæсейы Федерацийы паддзахадон герб, чъылдымы ’рдыгæй та — Ирыстоны хæхтæ æмæ Алайнаг моладзандон.**

**Æхца уагъд æрцыд æртæ мины тиражæй.**

*Нæ уацхæссæг*

Фестивал

## Дæсныйады æнтыстытæ

Нымæтæй конд дзаумæттæ кæнынæй фестивал фыццаг хатт арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны. Ацы хабар фехъусын кодта ”Благодать”-ы социалон-культурон хи куыстуаты сæрдар БЗАРТЫ Аллæ. Куыстуат уыд фестивал саразæг дæр.



Бзарты Аллæ куыд загъта, афтæмæй хъуыддаг саразын къухы бантыст Президенты грантты уæрæсейаг фонды æххуысæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, фестивалы рæстæг арæзт æрцыдысты къуымбилгуыстгæнæг мастер-класстæ. Амонæг дзы уыд Севастополæй æрцæуæг дизайнер Ольгæ Гуляева. Уый радзырдта, къуымбилимæ архайгæйæ, цавæр хъуымæцтæ æмæ æрмæгæй ма ис пайдагæнæн, уый тыххæй. Æрмдæсны сылгоймаг бацамыдта, къуымбилæй конд дзаума фидар æмæ бакастæй аив цæмæй рауайа, уый тыххæй алыхуызон ахорæнтæй куыд пайда кæнын хъæуы, стæй, хуызтæ цавæр хъуамæ уой, уыдæттæ.

Фестивалы архайæг уыд æрмдæсны Казахстанæй дæр.

Фестивалы рæстæг арæзт æрцыд, æрмдæснытæ сæ дæсныдзинад кæм æвдыстой, алыхуызон ахæм мадзæлттæ æмæ мастер-шоу.

**Нæ уацхæссæг**

Программæ

## Галуанæн — йæ фыццаг хуыз

**Ногдзауты галуанæн бахъахъхъæндзыстæм йæ ”советон бакаст” — ацы хъуыды фехъусын кодта ”СКИФОС-РСК”-йы реставрацион компанийы разамонæг Петр ПАВЛОВ.**




Компани райдыдта Ногдзауты галуаны бындурон рацарæзты куыстытæ. Сæ сæйраг хæс у галуанæн йе 'ддаг бакаст, стæй мидæджы 'рдыгæй дæр "советон конструктивизм", ома, советон дуджы комулæфт бахъахъхъæнын.

— Махæн ахсджиаг у, абоны бонмæ нæм чи фæхæццæ, арæзтады уыцы лыстæг фæзилæнтæ — æвгтæ, витражтæ, мозаикæ, хъæдын паркетæй æмбæрзт пъолтæ — реставраци скæнын æмæ сæ уыцы хуызы бахъахъхъæнын, фæлæ, уыимæ, технологон æгъдауæй бæстыхай сног кæнын æмæ дзы пайда кæнынæн ног гæнæнтæ саразын, — загъта Петр Павлов.

Реставрацион куыстытæ æххæстгонд цæудзысты дыууæ къæпхæнæй. Фыццаг уал баивдзысты рудзгуытæ, мидæджы 'рдыгæй телты хызæг, баивдзысты бæстыхайæн йæ цар. Дыккаг къæпхæны куыстытæ æххæст кæнгæйæ та галуаны æвæрд æрцæудзæн нырыккондæр техникæ æмæ аппаратурæ.

— Куыстыты фыццаг къæпхæн аххæсдзæн дыууæ азы. Ацы аз сцалцæг кæндзыстæм цар, æппæт коммуникацитæ дæр, баивдзыстæм рудзгуытæ, 2023 азы та райдайдзыстæм мидæггаг куыстытæ кæнын, — йæ ныхасыл бафтыдта реставратор.

Уымæй уæлдай, компани бакуыста Ирон театры реставрацийы проектыл. Программæмæ гæсгæ ивд æрцæудзысты æппæт коммуникацитæ, цар, рудзгуытæ, реставрацигонд æрцæудзæн театрæн йе 'ддаг бакаст дæр. Петр Павлов куыд бафиппайдта, афтæмæй Ирон театрæн йæ уавæр Ногдзауты галуанæй у ноджы сагъæссагдæр: цы ифтонггæрзтæ дзы ис, уыдон канд зæронд нæ баисты, фæлæ баихсыдысты æмæ сæ пайда кæнын у тæссаг.

— Республикæйы разамынд, стæй театры кусджытæ сæхæдæг дæр тыхамæлттæ кæнынц уыцы фарстатæ лыг кæныныл, цæмæй театрдзау хъæндзинæдтæй мацы банкъара. Нæ специалисттæ хъуыддагмæ куы æркастысты, уæд скодтой сагъæссаг хатдзæг: театры уавæр домы, фæстиатгæнæн кæмæн нал ис, ахæм реставраци. Фарстамæ æргом здæхт кæй æрцыд, уый махæн у стыр æхсызгон, уымæн æмæ куыстыты проект бацæттæ кæнын у реставрацийы ахсджиагдæр къæпхæн, — загъта Петр Павлов.

**Юлия ЛАЗОВСКАЯ**

